

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan sapopoé biasana urang sok ngalaman hiji kajadian, nalika urang datang ka hiji tempat, boh ka tempat wisata, boh ka tempat séjénna tangtu ngalaman rupa-rupa kajadian saperti kajadian anu pikareueuseun, pikabungaheun, pikasediheun, pikaseurieun, ogé pikasieuneun. Ieu kajadian téh ilaharna sok dijadikeun laporan anu disebut laporan kajadian. Laporan Kajadian biasana sok ditepikeun guru dina prosés diajar di sakola, hal ieu katitén dina Kompetensi Dasar 4.8 kurikulum 2013 SMP/MTS Revisi 2017, kelas VIII nyaéta “nyusun jeung ngaréspon laporan kajadian kalawan merhatikeun runtunan kalimah jeung santun ngagunakeun basa.”

Dumasar cara nepikeunana, laporan kajadian bisa ditepikeun sacara tulisan. Kaparigelan nulis téh kudu kacangkem ku siswa di sakabéh tingkatan sakola, kitu ogé di tingkat SMP/MTS. Nurutkeun Rosidi (2009, kc. 2), nulis nyaéta kagiatan hiji jalma dina nepikeun gagasan jeung rasa ka pamaca ngaliwatan basa tulisan. Diajar nulis mangrupa runtuyan prosés anu hésé tur kompléks anu merlukeun rarancang métodologi pangajaran anu jelas dina sakabéh tahapan pangajaran (Knapp & Watkins, 2005, kc. 14). Kagiatan nulis dianggap kompléks lantaran dina kagiatan nulis loba hal-hal anu perlu diperhatikeun. Kitu ogé dina nulis laporan kajadian kudu disusun saluyu jeung aturanna, sarta aya hal-hal anu perlu diperhatikeun.

Ku lantaran nulis dianggap hiji hal anu kompléks, siswa masih kénéh can nyangkem kumaha cara nulis laporan kajadian. Ieu hal téh katitén tina hasil wawancara ka guru basa Sunda di SMPN 26 Bandung, nulis dianggap hésé hususna nulis ngagunakeun basa Sunda. Siswa masih kurang dina nulis utamana dina nangtukeun idé ogé kalimah-kalimah anu merenah sangkan bisa jadi paragraf. Lian ti éta, siswa ogé kurang merhatikeun dina ngagunakeun tanda baca ogé éjahan anu bener.

Dumasar kana éta pasualan, sangkan siswa leuwih parigel deui dina nulis laporan kajadian, guru perlu ngagunakeun modél pangajaran anu éféktif nu matak

ngirut siswa sangkan leuwih aktif, kreatif, tur resep diajar hususna dina nulis laporan kajadian. Modél pangajaran anu bisa dilarapkeun pikeun ngamotivasi siswa nyaéta bisa ngagunakeun modél pangajaran *project based learning*.

Nurutkeun Hartono & Asiyah (2019, kc. 4), modél pangajaran *project based learning* miboga kaonjoyan di antarana 1) siswa miboga motivasi diajar nyieun proyék; 2) siswa leuwih kréatif diajar jeung mampu néangan solusi tina hiji masalah; 3) ngaronjatkeun kolaborasi; jeung 4) nuwuhkeun sikep ilmiah saperti jujur, tanggung waler, jeung kréatif. Sedengkeun nurutkeun Relmasira, spk (2019, kc. 290), kahéngkéran dina ieu modél pangajaran *project based learning* nyaéta henteu bisa dikontrol kalawan hadé, contona kelas jadi ribut bisa mangaruhan kana produk anu dijieun ku siswa lantaran bisa ngaganggu konséntrasi siswa.

Hal ieu jadi udagan dina ngagunakeun modél *project based learning*, sangkan siswa bisa leuwih parigel tur siswa leuwih aktif ogé sumanget diajar. Ku kituna siswa bisa atawa mampuh diajar husus dina nulis laporan kajadian.

Ieu panalungtikan anu ngagunakeun modél *project based learning* téh lain anu munggaran. Saméméhna kungsi aya anu nalungtik dina wangun skripsi. Kahiji, ku Wulan Yulianti anu judulna “Pengaruh Model Pembelajaran *Project Based Learning* Terhadap Keterampilan Proses Sains Peserta Didik Kelas V Sekolah Dasar”. Kadua, ku Lenny Triana anu judulna “Pengaruh Model Pembelajaran *Project Based Learning* Terhadap Prestasi Belajar Pada Materi Seleksi Benih Ikan di Kelas XI SMKN 3 Pandeglang. Katilu, ku Nabila Jasmine anu judulna “Penerapan Model *Project Based Learning* Dalam Meningkatkan Kreativitas Siswa Melalui Video Digital Pada Pembelajaran Sejarah (Penelitian Tindakan Kelas di Kelas XI IPS 2 SMAN 4 Depok. Kaopat, ku Nurwanti Reza anu judulna “Penerapan Model *Project Based Learning* Untuk Meningkatkan Keterampilan Berpikir Kreatif Siswa Kelas V Sekolah Dasar”. Kalima, ku Intan Nur Azizah anu judulna “Pengaruh Model *Project Based Learning* (PBL) Melalui Tari Bertema Untuk Meningkatkan Kreativitas Siswa Kelas VII di Smp Negeri 26 Bandung”.

Tina sababaraha panalungtikan anu geus dilaksanakeun, mémang aya sasaruana dina modél anu dilarapkeun nyaéta modél *project based learning*. Bédana dina ieu panalungtikan, objék anu digunakeun nyaéta nulis laporan kajadian

sarta sumber data anu digunakeun nyaéta siswa kelas VIII-A SMPN 26 Bandung taun ajaran 2022/2023.

Dumasar kana pedaran di luhur panalungtikan anu judulna “Modél Pangajaran *Project Based Learning* dina Pangajaran Nulis Laporan Kajadian (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-A SMPN 26 Bandung Taun Ajaran 2022/2023)”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan, nya éta :

- 1) kamampuh nulis laporan kajadian siswa anu masih kurang;
- 2) modél pangajaran anu éféktif matak ngirut siswa;
- 3) modél *project based learning* salasihiji model anu bisa ngungkulan pangajaran nulis.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah, rumusan masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan, di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis siswa kelas VIII-A SMPN 26 Bandung taun ajaran 2022/2023 dina pangajaran nulis laporan kajadian saméméh ngagunakeun modél *project based learning*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis siswa kelas VIII-A SMPN 26 Bandung taun ajaran 2022/2023 dina pangajaran nulis laporan kajadian sanggeus ngagunakeun modél *project based learning*?
- 3) Naha aya bédana antara kamampuh nulis siswa VIII-A SMPN 26 Bandung taun ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél *project based learning*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umumna nya éta pikeun nguji éféktif henteuna modél *project based learning* dina pangajaran nulis laporan kajadian.

Delisa Cienita Pratama, 2023

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA PANGAJARAN NULIS LAPORAN KAJADIAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII-A SMPN 26 BANDUNG TAUN AJARAN 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3.2 Tujuan Khusus

Dumasar kana masalah anu dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis siswa kelas VIII-A SMPN 26 Bandung taun ajaran 2022/2023 dina pangajaran nulis laporan kajadian saméméh ngagunakeun modél *project based learning*;
- 2) kamampuh nulis siswa kelas VIII-A SMPN 26 Bandung taun ajaran 2022/2023 dina pangajaran nulis laporan kajadian sanggeus ngagunakeun modél *project based learning*; sarta
- 3) bédana antara kamampuh nulis siswa kelas VIII-A SMPN 26 Bandung taun ajaran 2022/2023 dina pangajaran nulis laporan kajadian saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél *project based learning*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan téh nya éta bisa ngeuyeuban pangaweruh téori pangajaran basa Sunda dina pangajaran nulis. Lian ti éta, hasil ieu panalungtikan patali jeung modél pangajaran *project based learning* dipiharep bisa ngungkulan masalah atawa pasualan hususna dina nulis laporan kajadian.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan dipedar saperti di handap.

- 1) Pikeun siswa, bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis hususna dina pangajaran laporan kajadian ngaliwatan modél *project based learning*;
- 2) Pikeun guru, ieu modél *project based learning* téh bisa jadi alternatif dina ngungkulan pasualan nalika ngalaksanakeun pangajaran, sangkan siswa bisa maham kana materi anu ditepikeun ogé kompetensi dina pangajaran bisa kahontal;
- 3) Pikeun anu nalungtik, bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan modél *project based learning*, ogé jadi motivasi sangkan tuluy mekarkeun pangajaran basa Sunda hususna ngagunakeun modél *project based learning*.

Delisa Cienita Pratama, 2023

MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA PANGAJARAN NULIS LAPORAN KAJADIAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII-A SMPN 26 BANDUNG TAUN AJARAN 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi ngawengku lima bab anu ngagunakeun raraga tulisan saperti di handap.

Bab I Bubuka ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori ngawengku tiori modél pangajaran, tiori modél *Project Based Learning*, tiori pangajaran laporan kajadian, modél *Project Based Learning* dina pangajaran nulis laporan kajadian, panalungtikan sanggeusna, raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan ngawengku desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, téhnik analisis data, uji sipat data, jeung uji hipotésis.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran tina hasil panalungtikan modél *Project Based Learning* dina pangajaran nulis laporan kajadian.

BAB V Kacindekkan, Implikasi, jeung Rékoméndasi tina hasil panalungtikan modél *Project Based Learning* dina pangajaran nulis laporan kajadian.